Final

# SECONDARY EXAMINATION – 2019 (ANNUAL)

**(Model Set)**

**MAITHILI (MT)**

**(मैथिली)**

**Candidates are required to give their answer in their own words as far as particable**

परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।

**Figures in the margin indicate full marks**

दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।

समय : 03 घंटे 15 मिनट | पूर्णांक : 100

Time : 03 Hrs 15 Monutes | Full Marks : 100

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. उत्तर लिखते समय परीक्षार्थी यथा संभव शब्द–सीमा का ध्यान रखें।
4. प्रश्न–पत्र पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 50 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, सभी प्रश्न अनिवार्य हैं। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन का प्रयोग करें। किसी भी प्रकार के व्हाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है। ऐसा करने पर परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 7 (सात) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

8. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्र का प्रयोग वर्जित है।

## <u>खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)</u>

***<u>1 सँ 50 धरि बहुवैकल्पिक प्रश्न देल अछि। सही उत्तरक अक्षर क्रम (क, ख, ग, वा घ) लिखू :</u>*** 50x1 =50

1. 'विदित' जीक रचना अछि :

(क) समय–साल (ख) वन्दना

(ग) शिवगीत (घ) बच्चा

2. 'बाबाक आत्मीयता' क लेखक छथि :

(क) अशोक (ख) उमाकान्त

(ग) यात्री जी (घ) लिली रे

3. सुकान्त सोमंक रचना अछि :

(क) बच्चा (ख) वन्दना

(ग) हाथ (घ) कर्मवीर

4. 'भदइ सुखायल धान दहाय' लिखने छथि :

(क) विद्यापति (ख) चन्दा झा

(ग) यात्री जी (घ) बुद्धिनाथ मिश्र

5. अरिपन देल जाइछ :

(क) दिवाल पर (ख) जमीन पर

(ग) कोहवर घरक दिवाल पर (घ) उक्त मेसँ कोनो नहि

6. हरिजन नाम राखल गेल छल :

(क) भीमराव अम्बेदकर द्वारा (ख) गांधी द्वारा

(ग) पं0 जवाहर लाल नेहरू द्वारा (घ) राम मनोहर लोहिया द्वारा

7. चन्दा झाक अनुसार मिथिलाक पश्चिम मे अछि :

(क) गंगा नदी (ख) गण्ड नदी

(ग) सोन नदी (घ) करेह नदी

8. अशोकक लाट (स्तम्भ) आइयो विद्यमान अछि :

(क) मुजफ्फरपुर मे (ख) लौरिया मे

(ग) वैशाली मे (घ) कुशीनगर मे

9. लक्ष्मण झाक हेतु आदर्श पुरुष छलखिन :

(क) राम मनोहर लोहिया (ख) महात्मागांधी जी

(ग) कर्पूरी ठाकुर (घ) तीनू मेसँ कोनो नहि

10. डॉ0 जयकान्त मिश्रक प्रमुख रचना अछि :

(क) ए हिस्ट्री ऑफ मैथिली लिटरेचर (ख) तिरहुता ककहरा

(ग) सम्पादित कृतिकिरतनिया नाटक (घ) मैथिली मे प्राथमिक शिक्षा

11. मैथिली साहित्य मे 'बाबा' नामे ख्यात छथि :

(क) यात्री जी (ख) नागार्जुन

(ग) वैद्यनाथ मिश्र (घ) उक्त तीनू

12. निम्नलिखि तमे स्वर वर्ण अछि :

(क) ट वर्ण (ख) स वर्ण

(ग) ह वर्ण (घ) अ वर्ण

13. क, ख वर्णक उच्चारण स्थान अछि :

(क) तालु (ख) दन्त

(ग) कण्ठ (घ) मुर्द्धा

14. विद्या + अर्थी – विद्यार्थी शब्द सन्धि–भेदक अन्तर्गत अबैछ :

(क) स्वर संधि (ख) व्यञ्जन सन्धि

(ग) विसर्ग सन्धि (घ) उक्तमेसँ कोनो नहि

15. 'मुनीश्वर' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ :

(क) मुनि + इश्वर (ख) मुनी + इश्वर

(ग) मुनि + ईश्वर (घ) मुनि + श्वर

16. कालक भेद होइछ :

(क) एक भेद (ख) दू भेद

(ग) तीन भेद (घ) चारि भेद

17. परिमाण वाचक विशेषणक उदाहरण अछि :

(क) तीन सेर अन्न (ख) चारि किलो चीनी

(ग) दू लीटर दूध (घ) उक्त तीनू

18. 'ओ' हमरा किछु कहलनि मे 'ओ' उदाहरण अछि :

(क) उत्तम पुरुष सर्वनामक (ख) मध्यम पुरुष सर्वनामक

(ग) अन्य पुरुष सर्वनामक (घ) निश्चय वाचक सर्वनामक

19. कहाँसँ अयलहुँ अछि ? उदाहरण अछि :

(क) प्रश्न वाचक सर्वनामक (ख) सम्बन्ध वाचक सर्वनामक

(ग) संख्यावाचक सर्वनामक (घ) अनिश्चय वाचक सर्वनामक

20. छात्र पढ़ि रहल छथि, मे 'छात्र' भेल

(क) कर्म कारक (ख) कर्त्ता कारक

(ग) करण कारक (घ) सम्बन्ध कारक

21. क 'केर' उदाहरण अछि :

(क) सम्प्रदान कारकक (ख) सम्बोधन कारकक

(ग) सम्बन्ध कारकक (घ) कर्म कारकक

22. 'गदहा' शब्द, शब्द भेदक अन्तर्गत अबैछ :

(क) तद्भव (ख) तत्सम

(ग) देशज (घ) विदेशज

23. वीरता आ लाली संज्ञाक भेदक अन्तर्गत अबैछ :

(क) समूह वाचक संज्ञा (ख) भाववाचक संज्ञा

(ग) व्यक्ति वाचक संज्ञा (घ) द्रववाचक संज्ञा

24. 'सिंह' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ :

(क) सिंही (ख) सिहाइन

(ग) सिंहनी (घ) सिंहिनी

25. 'महादेव' शब्दक पर्यायवाची शब्द अछि :

(क) महेश (ख) उमापति

(ग) शंकर (घ) उक्त तीनू

26. 'आँखि' शब्दक पर्यायवाची शब्द अछि :

(क) नेत्र (ख) लोचन

(ग) नयन (घ) उक्त तीनू

27. तिलकेँ ताड़ बनायब केर अर्थ होइछ :

(क) छोट बातकेँ पैघ बनायव (ख) तिलसँ ताड़ बनायव

(ग) तिलक बीआसँ ताड़ उगायब (घ) उक्त मेसँ कोनो नहि

28. 'भूत सवार होयब' केर अर्थ होइछ :

(क) भूतक सवारी करब
(ख) उद्यत होयब
(ग) भूत लागब
(घ) भूतसँ डर लागब

29. समासक भेद होइछ :

(क) दूभेद
(ख) तीन भेद
(ग) चारि भेद
(घ) छह भेद

30. 'तिन बटिया' शब्द समासक अन्तर्गत अबैछ :

(क) तत्पुरुष समासक
(ख) बहुब्रीहि समासक
(ग) द्वन्द्व समासक
(घ) द्विगु समासक

31. दशानन (रावण) शब्द समास–भेदक अन्तर्गत अबैछ :

(क) द्वन्द्व समासक
(ख) नञ समासक
(ग) बहुब्रीहि समासक
(घ) तत्पुरुष समासक

32. 'दर्शन करबा योग्य' कहाइ त अछि :

(क) दार्शनिक
(ख) दर्शनज्ञ
(ग) दर्शनीय
(घ) दार्शनीय

33. जकरामे ........... बलछै, सैह निडर भूखल यमसँ।

(क) चरित्रकेर
(ख) धनकेरबल
(ग) बुद्धिकेर
(घ) ज्ञानकेर

34. 'सिपाही' लड़ैत अछि :

(क) मेला मे
(ख) साम्प्रदायिक झगड़ा मे
(ग) सीमा पर
(घ) लड़ाइक मैदान मे

35. डॉ0 भीमराव अम्बेदकर शीर्षकक रचनाकार छथि :

(क) रत्नेश्वर मिश्र

(ख) लिली रे

(ग) राजमोहन झा

(घ) भाग्यनारायण झा

36. अशोक लिखैत छथि :

(क) कविता

(ख) कथा

(ग) निबन्ध

(घ) उक्त तीनू

37. भाइक स्वागत लेल बहीन तैयारी कयने छथि :

(क) भटवर तरने छथि

(ख) तिलकोर तरने छथि

(ग) दही पौरेन छथि

(घ) उक्त तीनू तैयार कयने छथि

38. डॉ0 जयकान्त मिश्र नियुक्त कयल गेल छलाह :

(क) मैथिलीक व्याख्याता पद पर

(ख) अँग्रेजीक व्याख्याता पद पर

(ग) संस्कृतक व्याख्याता पद पर

(घ) हिन्दीक व्याख्याता पद पर

39. मांगन खबास छलाह :

(क) चरित्रवान

(ख) मितभाषी

(ग) अनुशासित

(घ) उक्त तीनू

40. डॉ0 सुभद्रा झा कँ रिसर्च स्कॉलरशिप भेटल रहनि :

(क) मैथिली विषयक शोध लेल

(ख) अँग्रेजी विषयक शोध लेल

(ग) हिन्दी विषयक शोध लेल

(घ) संस्कृत विषयक शोध लेल

41. गेदावरी दत्त कँ भाषाक ज्ञान छलनि :

(क) मैथिली भाषाक

(ख) अंग्रजी भाषाक

(ग) हिन्दी भाषाक

(घ) उक्त तीनू भाषाक

42. सिपाही विद्रोह भेल छल :

(क) 1852 ई0 मे (ख) 1857 ई0 मे

(ग) 1885 ई0 मे (घ) 1942 ई0 मे

43. स्वतंत्रता संग्रामक क्रांतिकारी मोड़ देबाक लेल आगू अयलाह :

(क) जवाहर लाल नेहरू (ख) सुभाष चन्द्र बोस

(ग) जय प्रकाश नारायण (घ) नरेन्द्र देव

44. धार्मिक मान्यता अछि एक वृक्ष लगैलासँ ........ पुत्रक पुण्य होइछ :

(क) एक पुत्रक पुण्य (ख) दस पुत्रक पुण्य

(ग) बीस पुत्रक पुण्य (घ) एक सय पुत्रक पुण्य

45. वर्षा भेलाक बाद होइत अछि :

(क) कदम्ब फुलाइत अछि (ख) भगत गहबर ठीक करैछ

(ग) किसान धरनरोपनी करैछ (घ) उक्त तीनू काज होइछ

46. चन्द्र भानु सिंहक गीतक विशेषता अछि :

(क) मैथिली गीतमे लोक धुन रहैछ (ख) लोक रूचि रहैछ

(ग) लोक–भाव रहैछ (घ) उक्त तीनू विशेषता रहैछ

47. कर्मवीर मे दीप्ति अबैछ :

(क) घनक चोटसँ (ख) अग्नि तापसँ

(ग) सूर्य तापसँ (घ) बाधाक आगिसँ

48. रौदी अछि, दाही अछि, हमरा ले धैनसन, पंक्ति अछि :

(क) 'रौदी अछि' शीर्षक मे (ख) 'हाथ' शीर्षक मे

(ग) 'जय जवानः जय किसान शीर्षक मे (घ) कर्मवीर शीर्षक मे

49. 'हाथ' शीर्षक कवितामे मजदूरक रूप अछि :

(क) माटि कोड़ैत मजदूर

(ख) अन्न उपजबैत मजदूर

(ग) सारिलकैंदू फाँक करैत मजदूर

(घ) उक्त तीनू काज करैत मजदूर

50. बाबाकेँ पसिन्न रहनि :

(क) मेघ

(ख) अगहन मास

(ग) गाम घरक महल

(घ) क आ ख दुनू

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. निम्नलिखित मेसँ कोनो एक विषय पर निबंध लिखू :

(लगभग 250 – 300 शब्द में) 10 x 1 = 10

(क) रेडियो

(ख) वसंत ऋतु

(ग) जीवन मे अनुशासन

(घ) सरस्वती पूजा

(ङ.) अकाल

2. कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : 7 x 1 = 7

(क) दुर्गापूजामे मेला घूमक लेल ज्येष्ठ भाइसँ रूपैयाक याचना करु।

(ख) गर्मीक छुट्टीमे परीक्षा–तैयारी क योजनाक सूचना पिताजीकेँ दिऔन।

3. निम्न मेसँ कोनो दू उद्धरणक संक्षेपण, शीर्षक दैत करू : 4 x 2 = 8

(क) जाड़ गेल। हाथ पयर कँपैत छल। काज हेतु हाथ बाहरे नहि होइत छल। साँझ प्रात घूड़क लग आ रातिमे पोआर तरमे दिन खेपल। गद्दापर सीरक–तोराइ ओढ़ने आलसी भए गेल छलहुँ। दिनक स्नान कठिन छल, रातिक भोजन करब दुस्साहसिक कदम बुझाइत छल। भोरमे ओछाओन छोड़ब असम्भव छल, गरीब, धनिक,आ नेना–भुटका कैँ कष्ट दे निहार जाड़क जायब असम्भव छल।

(ख) डॉ0 सुभद्राझा विद्वाने नहि, खेतिहर सेहो छलाह। ओ जमिकऽ खेती करैत छलाह। सत्य तँई अछिजे ओ अपन परोपट्टाक उदाहरणीय प्रगतिशील किसान रहथि। नवीनतम प्रभेदक बीआ जतऽ भेटनि ततऽसँ आनि कृषि–कार्य करथि। सीसो, आम, सागवान, बाँस, आदि. आधुनिक ढंगसँ लगावथि। नवीनतम कृषि तकनीक जनवाक आ तकर उपयोगर करबाक लेल ओ सदति सचेष्ट रहथि।

(ग) गणतंत्र दिवस एक महान राष्ट्रीय पर्व थिक। एहिसँ चेतना भेटैछ ; अधिकारक जागरण होइछ स्वाभिमान आ देशप्रेमक विकास होइछ, तेँ देशक प्रत्येक व्यक्तिक पुनीत कर्त्तव्य होइछजे ओ एहि राष्ट्रीय पर्वकेँ समारोहक संग मनाबय। गणतंत्रक रक्षा लेल प्रतिज्ञा करय आ ओकरा स्थिर राखय हेतु सदा सावधान रहय। देशक गरिमा अक्षुण्ण रहय, ताहि मे कखनो संदेह नहि।

(घ) जीवनमे पुस्तकालयक बड़ महत्व अछि। मनुक्खक अभ्युत्थानक हेतु एकर बहुत आवश्यकता छैक। नाना प्रकारक पुस्तक रवाहे धार्मिक हो वा राजनैतिक क्रमानुसार सभ आसानी सँ उपलब्ध रहैछ। एकर संरक्षण आ सम्बर्द्धन हेतु एक प्रबन्ध समिति होइछ जाहि माध्यमसँ एकर समुचित विकास कयल जा सकैछ। एकर विकास हेतु सामाजिक आ सरकारी सहयोगक अपेक्षा रहैछ।

4. निम्नलिखित पाँतीक आशय लिखू (कोनो एक गोटक) : 5 x 1 = 5

(क) मातृभूमिक मॉटिसँ बढ़ि श्रेष्ठ आर दुलार की ?

जन्म भूमि निमित्त शीशक दान सँ लघु आर की ?

(ख) प्राचीने कालसँ बँगाली छात्रक सम्पर्क मिथिलासँ रहल अछि।

अतएव ओम्हर मिथिलाक संस्कृति बहुत आगू धरि बढ़ि गेल अछि।

पश्चिममे जतेक गमौलक पूब मे ओतबे पाबियो लेलक।

5. निम्नलिखित लघुत्तरीय मे सँ कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर दिअ : 2 x 5 = 10

(i) गरम दल आ नरम दलक भेद लिखू :।

(ii) 'अँग्रेज भारत छोड़ू' नाराक प्रभावक उल्लेख करू।

(iii) त्रिभाषा फार्मूलाक अन्तर्गत कोन–कोन भाषा अबैछ ? लिखू।

(iv) 'बाबा' गरीबआ विपन्नक मित्र छलाह। लिखू।

(v) 'जै घर पैसा सुख छै तइ घर' कविक कहबाक अभिप्राय लिखू।

(vi) 'हाथ' की–की करैत अछि ? (पठित कविताक संदर्भ मे)।

(vii) जवान आ किसानक काजक उल्लेख करू।

(viii) पठित कविता आधार पर नेताक चरित्र लिखू।

6. निम्नलिखित दीर्घ उत्तरीय प्रश्न मेसँ कोनो दूक उत्तर लिखू : 2 x 5 = 10

(i) चन्दाझाक संक्षिप्त परिचय लिखू।

(ii) डॉ0 सुभद्र झा भाषाविद् छलाह, वर्णन करू।

(iii) 'बच्चा' शीर्षक कविताक भाव लिखू।

(iv) 'कर्मवीर' कविताक सारांश लिखू।